



**Mass
Measures**

Mezi Mas

Enfòmasyon sou Etid la

Yon akò koperatif avèk Sant Kontwòl ak Prevansyon Maladi
Ozetazini (CDC)

Apèsi sou Etid la

- **Mass Measures** se yon etid ki mezire Pwodui chimik ki nan tisi oswa likid kò yon moun, tankou san oswa pipi. Sa ede nou konnen konbyen nou ekspozè ak pwodui chimik ki nan anviwònman tankou nan lè, dlo, manje, ak lòt sous.
- Etid la pral enskri moun nan kominote ki ka afekte pa ekspozisyon ak pwodui chimik anviwònman.
- Etid la ap ede Depatman Sante Piblik Massachusetts (DPH) pou anpeche domaj ki soti nan ekspozisyon sa yo.
- Etid la ap sipòte tou Pwogram Nasyonal Biomonitoring CDC a.



Poukisa pou patisipe

- Jwenn tès gratis ki pa toujou ofri nan vizit medikal yo.
- Aprann sou posib ekspozisyon ak pwodui chimik anviwònman epi konpare rezilta ou ak lòt moun Ozetazini.
- Aprann kijan pou diminye ekspozisyon a, si sa nesesè.
- Ede DPH deside kijan pou pi byen pwoteje sante piblik la.

Echantiyon

Aprè ou fin enskri nan etid la, ou ka bay yon echantiyon nan youn nan de fason sa yo:

1. Randevou an pèsòn — n ap pran yon ti echantiyon san ak pipi ou.
2. Kit tès lakay — n ap voye yon kit ba ou pou ou ka bay nou yon echantiyon pipi (pa san).

DPH pral:

- Teste echantiyon yo nan Laboratwa Sante Piblik Eta a
- Sèvi ak echantiyon yo sèlman pou objektif ki deklare nan etid sa a (nou p ap vann ni transfere echantiyon yo pou nenpòt lòt rezon)
- Kenbe echantiyon yo pou 6 mwa, aprè sa nou pral detwi yo

Kontakte nou

Rele (gratis) **866-626-4224**

Voye yon imèl nan

MassMeasures@Mass.gov

Sa pou atann kòm yon patisipan

Ou ka aprann kijan pou patisipe epi enskri nan etid la lè w rele 866-626-4224 oswa voye yon imèl nan MassMeasures@mass.gov.

Etap 1: Resevwa materyèl akeyi yo

Aprè ou fin enskri, DPH ap voye ba ou enfòmasyon sou randevou ou oswa yon kit koleksyon lakay.

Etap 2: Bay konsantman pou patisipe

Ou pral revize epi siyen fòm konsantman an. Ou kapab kontakte yon manm ekip etid la pa telefòn oswa imèl si ou gen nenpòt kesyon.

Etap 3: Reponn kesyon

Ou pral reponn kesyon sou sijè tankou sante ou, plezi ou, ak rejim alimantè ou.

Etap 4: Bay nou yon echantiyonou

Randevou an pèsòn

- Dwe pran mwens pase 1 èdtan
- Ou ka bay yon echantiyon san, pipi, oswa toude
- Yon flebotomis ki fòm ap kolekte san an epi fè pwosesis la osi konfòtab ke posib
- Ou pral resevwa ji, yon ti goute, ak enfòmasyon sou pwochen etap yo

Kit koleksyon lakay


- DPH ap voye yon twous ba ou pa lapòs
- Ou pral ban nou yon echantiyon pipi nan yon delè yon semèn epi voye li tounen ba nou pa lapòs

Etap 5: Resevwa rezilta yo

Nou pral voye ou yon lèt konfidansyèl oswa yon imèl sekirize.

Rezilta patisipan

- Ou pral resevwa rezilta ou apeprè 6 mwa apre ou fin bay echantiyon ou.
- Rezilta yo pral montre nivo pwodui chimik yo mezire nan echantiyon ou a, ansanm ak posib fason pou diminye ekspozisyon an, si sa nesesè.
- Ou ka kontakte ekip Mass Measures la pou nenpòt kesyon sou rezilta ou yo.
- DPH pral konbine rezilta patisipan yo atravè tout eta a nan rapò yo.
- DPH pap pataje enfòmasyon pèsònèl; nou pral kenbe rezilta ou yo sekre.



Aprann plis:

Rele (gratis) **866-626-4224**

Voye yon imèl nan

MassMeasures@Mass.gov

Vizite **www.mass.gov/MassMeasures**

Etid Mass Measures la sipòte pa yon akò koperatif ant Depatman Sante Piblik Massachusetts (DPH) ak Sant Kontwòl ak Prevansyon Maladi Ozetazini (CDC) (Nimewo NU88EH001345). Dapre lwa Massachusetts (**M.G.L. c.111, § 24A**), Komisyon Revi Enstitisyonèl (IRB) DPH ansanm ak Komisyonè Sante Piblik la revize epi apwouve plan pou pwoteje patisipan yo nan etid Mass Measures la. Pou aprann plis sou pwoteksyon IRB, kontakte IRB DPH nan DPH.IRB@state.ma.us oswa rele (617) 624-5621 epi site nimewo IRB #2289318. Pou aprann plis sou etid Mass Measures la, kontakte Meg Blanchet, M.S., REHS, chèchè prensipal, nan 866-626-4224 oswa MassMeasures@Mass.gov.